



Dwa ak Responsablitè yo

Dwa ou yo:

WIC ap kenbe prive tout enfòmasyon ou bay.

Estanda kalifikasyon pou WIC se menm pou tout moun, kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Si ou panse ou te sibi diskriminasyon, ou ka depoze yon plent.

Responsablitè ou yo:

Pote tout dokiman yo mande nan chak randevou.

Rapòte adrès ak/oswa chanjman telefòn bay biwo lokal WIC ou.

Kenbe chèk WIC ou yo yon kote ki ansekirite; yo ka pa ranplase chèk ki egare/pèdi.

Si mwen vyole règleman pwogram lan ki anwo a, mwen menm oswa fanmi m:

Yo ka retire nou nan pwogram lan pou jiska yon lane.

Ap gen pou repeye pwogram lan pou manje oswa lèt bebe mwen pa t dwe resevwa.

Ka fè fas avèk pouswit legal.

Yo te konseye m sou dwa ak responsablitè m antanke yon patisipan nan Pwogram WIC lan. Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen te bay pou detèminasyon kalifikasyon m kòrèk, nan pi bon konesans mwen. Enfòmasyon sètifikasyon sa a te soumèt an koneksyon avèk resi asistans nitrisyon siplément federal. Otorite pwogram yo ka verifye enfòmasyon mwen te bay.

Mwen konprann yo ka retire m nan Pwogram WIC lan si:

Mwen menm oswa pitit mwen patisipe nan plis pase yonsèl Pwogram WIC alafwa (doub patisipasyon)

Mwen bay fo enfòmasyon sou revni, gwo sè fanmi ak lokasyon rezidans (fwòd).

Mwen menm oswa mandatè m depanse chèk WIC mwen lakay yon founisè (magazen, estasyon fèm oswa magazen agrikiltè) ki pa otorize pou aksepte yo (fwod).

Mwen menm oswa mandatè m achte manje ki pa WIC avèk chèk WIC (trafik).

Mwen menm oswa yon moun nan non m vann, fè komès oswa bay chèk WIC yo (trafik).



Department of Health
and Human Services

Maine People Living
Safe, Healthy and Productive Lives

Paul R. LePage, Governor

Ricker Hamilton, Commissioner

Mwen menm oswa yon moun nan non m retounen manje WIC pou lajan kach, kredi, oswa manje ki pa WIC (trafik).

Mwen menm oswa yon moun nan non m vann, fè komès avèk ponp tete (yo) WIC posede oswa lwe, oswa manje WIC, sa ki gen ladan lèt tibebe, ki te achte avèk chèk WIC pou lajan kach, kredi, oswa lòt manje oswa sèvis (trafik).

Mwen menm oswa yon moun nan non m ap bap ponp tete (yo) WIC posede oswa lwe oswa manje WIC, sa ki gen ladan lèt tibebe, ki te achte avèk chèk WIC (fwod).

Mwen menm oswa yon moun nan non m fè chanjman nan chèk WIC yo (fo).

Mwen menm oswa yon moun nan non m afiche atik WIC pou lavant, echanje oswa gratis sou nenpòt medya, enkli medya sosyal (tankou Facebook), Craigslist, eBay, televizyon, radyo, jounal, oswa lòt fowòm anliy (trafik).

Mwen menm oswa yon moun nan non m abize vèbalman oswa fizikman WIC oswa anplwaye episri (abi).